



GID ITILIZATÈ

Bank Resous Edikatif :
kolektif resous gratis pou anseyan



Ki sa chanèl la ye ?

Chanèl Bank Resous Edikatif : kolektif resous gratis pou anseyan an rasanble liv, fich aktivite, gid pedagogik ak lòt resous pou ede pwofesè ak edikatè nan klas yo oswa nan lòt aktivite pedagogik. Li se yon espas dijital pou jwenn materyèl edikatif ak lòt materyèl pedagogik, yo ka itilize pou sipòte aprantisaj ak devlopman pwofesyonèl yo. Chanèl sa a gen diferan seksyon itilizatè yo ka eksplòre pou jwenn materyèl selon matyè oswa bezwen pedagogik yo.

Seksyon prensipal chanèl la

Nan Chanèl sa a, ou ap jwenn plizyè kategori resous edikatif ki fèt pou ede anseyan yo prepare kou yo pi byen epi rann aprantisaj la pi enteresan pou elèv yo. Men sa chak seksyon genyen :

- **Literasi Kreyòl**

Seksyon sa a rasanble resous ak materyèl pedagogik sou matematik ki ede edikatè ak pwofesè planifye leson yo epi sipòte aprantisaj elèv yo.

- **Matematik**

Seksyon sa rasanble resous ak materyèl pedagogik sou matematik ki ede edikatè ak pwofesè planifye leson yo epi sipòte aprantisaj elèv yo.

- **Syans Sosyal**

Seksyon sa a rasanble resous sou jewografi, viv ansanm, istwa ak lòt kontni ki gen rapò ak syans sosyal. Resous yo ka itilize pou ede elèv yo konprann anviwònman sosyal yo, devlope sans sitwayènte, elatriye.

- **Syans Eksperimantal**

Seksyon sa a prezante resous sou syans eksperimantal pou ede pwofesè ak edikatè entwodui konsèp syans natirèl, bioloji nan sal klas osinon nan lòt kontèks pedagogik.

- **Atizay ak Mizik**

Seksyon sa a mete ansanm resous ki valorize ekspresyon kreyatif atravè mizik ak kontni ki gen rapò ak kilti. Materyèl yo ede pwofesè yo entegre kreyativite nan aprantisaj la epi ankouraje imajinasyon elèv yo.

- **Miltidisiplinè**


Seksyon miltidisiplinè a gen resous sou plizyè matyè. Yo ede pwofesè ak edikatè kreye aktivite kote elèv yo itilize plizyè konpetans epi aprann sou tèm ki konekte diferan domèn aprantisaj.

- **Pwofesè**


Seksyon sa a fèt espesyalman pou sipòte devlopman pwofesyonèl pwofesè yo. Li rasanble gid pedagogik ak lòt resous ki ka ede pwofesè ak edikatè amelyore pratik ansèyman yo ak jesyon klas la.

Ki jan pou w navige ?

a. Klike sou chanèl la, ale nan “Dossiers” pou w ka wè lis dosye ki konpoze chanèl la.



b. Chwazi seksyon ou enterese ak li a : **Literasi Kreyòl, Matematik, Syans Sosyal, Syans Eksperimantal, Atizay ak Mizik, Miltidisiplinè**, oswa **Seksyon pou Pwofesè**. Epi Klike sou dosye oswa fich materyèl la pou louvri l.



c. Tcheke nouvo materyèl yo regilyèman, paske chanèl la ap kontinye grandi. Nou planifye ajoute plis kontni ki soti nan lòt patnè ak enstitisyon ki angaje nan edikasyon kreyatif. Lè gen yon ajou (mizajou) pou chanèl la, w ap resevwa yon notifikasyon ki fè w konnen lè pou mete li ajou. San sa, ou p ap kapab jwenn nouvo materyèl yo.

Ki kalte materyèl ou ka jwenn ?

- Resous matyè anseyman
- Resous pou aprantisaj ki melanje diferan konpetans, pa sèlman matyè anseyman.
- Zouti pou ede pwofesè devlope pratik ansèyman yo, ak materyèl ki disponib sou divès fòm.

Ki jan materyèl yo ka itil ?

- Devlope konpetans elèv yo nan divès domèn
- Prepare leson ak aktivite nan klas
- Ankouraje aprantisaj aktif ak kreyatif
- Sipòte devlopman pwofesyonèl pwofesè yo

Konsèy pou itilize chanèl la

- Fè yon plan sou ki jan w ap itilize materyèl yo nan klas.
- Melanje resous ki soti nan plizyè seksyon pou kreye aprantisaj entegre.
- Pataje sijesyon oswa materyèl ou ta renmen ki ajoute atravè Google Form ki disponib sou sit la.

Si w bezwen plis
enfòmasyon, pa ezite
kontakte nou sou :
enfo@lakoukajou.ht
oswa sou +509 4917-5459

